

Pou Manm Medicaid ki gen 18 lane oswa plis
MANYÈL MANM YO

PWOGRAM REPA KI ADAPTE NAN DOMÈN MEDIKAL

MetroPlusHealth fyè pou I ofri w avantaj ak sèvis k ap ede w viv an sante. Apati 1ye Jiyè 2022, ou ka anrejistre nan yon pwogram manje gratis ki Adapte nan Domèn Medikal ki fè livrezon manje ki bon pou sante lakay ou dirèk.

Atravè pwogram sa, ou menm ak lòt manm nan fanmi w ki kalifye ka jwenn:

- Ed nan men yon espesyalis nan zafè rejim ak yon nitrisyonis. Moun sa a se yon espè nan zafè manje ak nitrisyon e I ap bay konsèy ak sipò nan chwa manje ki bon pou sante.
- Y ap libre pou pi plis twa repa pa jou lakay ou pandan yon peryòd sis mwa. W ap ka kontinye resevwa repa depi w kalifye pou program sa a. Yo kreye repa sa yo daprè bezwen presi ou genyen nan domèn sante epi sa ka pèmèt ou gen aksè ak manje ki bon pou sante e ki rich.

Moun ki ka patisipe nan pwogram sa a se moun ki manm MetroPlusHealth Medicaid ki gen 18 lane oswa plis. Manm yo dwe gen yon kote ki an sekirite pou mete epi chofe manje, epi:

- Resevwa sèvis swen pèsonèl. Manm nan dwe chwazi pou I ranplase kantite lè yo pase nan preparasyon ak achte manje yo tout pandan I ap jwenn yon repa ki adapte nan domèn medikal. Kantite lè yo retire yo pral depann de kantite repa ou resevwa, **oswa**
- Gen fè kansè, sik, maladi kè, oswa VIH/SIDA, ak yon kantite jou entène lopital ak/oswa vizit nan sal ijans (ER) akoz maladi ki site la yo nan 12 mwa ki sot pase yo.

Si w vle anrejistre nan pwogram sa, yon ajan MetroPlusHealth ap rele w. Pandan apèl la, n ap di w plis bagay sou pwogram nan epi n ap ede w anrejistre si w chwazi patisipe. Founisè w la ka voye rekòmandasyon pou Repa Ki Adapte Nan Domèn Medikal ba ou tou.

Se ou menm k ap deside si w vle enskri nan pwogram nan. Si w pa deside enskri, sa pap gen okenn efè sou kalifikasyon w pou Medicaid oswa avantaj ou yo.

Si w gen kesyon, nou la pou ede. Tanpri rele nou nan 1-800-303-9626 (TTY: 711), Sòti Lendi pou rive Samdi, 8am pou 8am.